Pou Piblikasyon Imedya: 09/09/2020 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVO REMÒKÈ BRIZ GLAS POU NETWAYE GLAS POU EDE EVITE INONDASYON SOU RIVAJ RIVYÈ NIAGARA A

"Breaker II" pral travay sou enstalasyon Estakad glas Lak Erie - Rivyè Niagara a pou kenbe Rivyè Niagara a san pa gen gwo glas flotan pou sekirite ak pwodiksyon idwoenèji pwòp

Gouvènè Andrew M. Cuomo te akeyi jodi a yon nouvo remòkè briz glas ki fèt pou travay nan Rivyè Niagara pou ede soulaje kont inondasyon rivaj la epi diminye chans pou gen glas ki limite pwodiksyon kouran nan gwo santral elektrik sou tout Rivyè Niagara a. "Breaker II" rejwenn yon flòt twa bato ki travay chak sezon ivè pou enstale Estakad Glas Lak Erie - Rivyè Niagara - yon seri 22 trave ponton an asye ki bouche bouch Rivyè Niagrara epi travay pou evite fòmasyon gwo glas pou yo pa deplase nan rivyè a.

"Remòkè *Breaker II* a ap jwe yon wòl vital nan pwodiksyon kouran ak diminisyon enpak inondasyon sou rivaj sou Rivyè Niagara a," **Gouvènè Cuomo.** "Nan sèlman kèk mwa tou kout, bato sa ap ede enstale estakad glas, k ap ede prevni deplasman gwo glas pou pa anpeche pwodiksyon idwo enèji pwòp pou alimante eta nou an, epi limite akimilasyon glas ki ka lakoz inondasyon rivaj la."

"Se te kèk ane ki te difisil pou kominote bò dlo nou yo avèk inondasyon ane pase a ak enpak COVID-19 ane sa," **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Nou angaje pou jwenn solisyon ki entelijan pou ede diminye inondasyon epi ede kominote bò dlo nou yo rekonstui pi byen. Nouvo remòkè Breaker II a ap itilize pou operasyon koupe glas nan Rivyè Niagara a pou kenbe rivyè a san glas epi anpeche akimilasyon glas ak inondasyon. Sa fè pati efò jeneral nou pou prepare pou evènman dlo wo alavni yo epi ede asire ke kominote nou yo genyen resous yo bezen pou pi rezistan epi dirab alavni."

Breaker II a te fèt sou mezi pou Otorite Enèji New York (New York Power Authority, NYPA) la pou wòl inik ke l ap jwe nan kontwòl akimilasyon glas nan Rivyè Niagara a. Nan mwa out la, bato a te deplase soti nan chantye naval kote li te konstui sou mezi a nan Rhode Island, rive nan Sistèm Kanal Eta New York la epi resaman li te rive nan mezon pèmanan li nan Buffalo.

John R. Koelmel, Prezidan NYPA, te deklare: "Antanke yon rezidan tout lavi nan rejyon Buffalo-Niagara, mwen jwenn anpil fyète pou estakad glas la ki enstale chak

ane pa Otorite Enèji a ak patnè entènasyonal nou yo atravè Rivyè a. Se yon privilèj pou m la nan kòmansman karyè bato sa antanke nouvo chèf enstalatè estakad glas ak briz glas la. Vrèman vre, Breaker II a gen travay ki enpòtan devan l, pou kenbe rivyè a ap koule pou NYPA ka fasilite pwodiksyon enèji ki pwòp. Ti bato sa genyen yon gwo travay e nou menm, nan NYPA kontan anpil pou l rejwenn flòt nou an."

Gil C. Quiniones, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYPA, te deklare, "Mwen fyè anpil de staf Otorite Elektrik la ki travay pou enstale epi retire estakad glas la chak ane nan kondisyon ki riske anpil. Avèk karakteristik espesyal ki fèt espesyalman pou travay inik epi danjere remòkè briz glas la, nou konfyan ke bato mobil sa ap rann travay la pi fasil pou ekip nou yo. Nou kontan paske Breaker II rejwenn ekip briz glas ak enstalasyon estakad la".

Travay prensipal Breaker II a se ap pou enstale epi retire estakad glas Niagrara a, men nan konsiderasyon ak kondisyon sezon ivè difisil n ap travay yo, li gen yon ak ann asye bon kalite pou kapasite pou brize glas la. Ansanm, ak estakad la, bato a ap ede diminye pwobablite gwo blokaj glas nan rivyè a ki ka lakoz inondasyon, domaj nan kè ak estrikti rivaj yo sou Rivyè Niagara ak rediksyon vag nan priz santral enèji idwo elektrik yo. Kapasite pou pwodui idwo enèji a depann de kenbe Rivyè Niagara a ap koule. Pandan mwa sezon ivè yo lè tanperati anba zewo yo pwodui yon kouvèti glas sou Lak Erie, li ka difisil pou kenbe rivyè a ap koule. Van ivè sou Lak Erie souvan pouse moso glas nan amon Rivyè Niagara kote yo koule nan kouran k ap desann nan epi yo gen tandans pou akimile epi sa ka bouche kouran dlo yo pou pwojè idwo elektrik rejyon an. Pou konsève kouran rivyè yo, NYPA ak Ontario Power Generation mennen yon operasyon jesyon glas ki kowòdone ak atansyon ki genyen ladan l patwouy briz glas regilye, siveyans san rete kondisyon rivyè yo ak itilizasyon estakad glas Lak Erie - Rivyè Niagara River a.

Komisyon Miks Entènasyonal la (International Joint Commission), yon kò binasyonal ki te kreye dapre Trete Limit Dlo (Boundary Waters Treaty) 1909 la ant Etazini ak Kanada, genyen jiridiksyon li sou Estakad Glas Lak Erie - Rivyè Niagara nan fwontyè dlo ant de peyi yo. Konsèy Komisyon Entènasyonal Niagara a sipèvize enstalasyon, operasyon, anlèvman antyèl estakad la, ki ka pran yon semèn apeprè. Travayè ki soti nan Otorite Enèji New York la fè estakad glas la fonksyone pou toulede antite yo epi Ontario Power Generation ranbouse.

Se Bristol Harbor Group, Inc. nan Bristol, Rhode Island ki te konsevwa Breaker II a e li fabrike pa Blount Boats nan Warren Rhode Island. Se NYPA ak OPG ki pataje depans bato a.

###